

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, bisa dicindekeun yén:

- a. Wangun rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah kaasup kana wangun puisi modéren sabab teu kauger ku fungsi sisindiran jeung guguritan.
- b. Hasil panalungtikan struktural, imaji anu kapaluruh nyaéta imaji auditif, imaji visual, sarta imaji taktil. Ku ayana ieu imaji-imaji, simbul/lambang anu katitén dina ieu rumpaka aya musikalitas dina ieu rumapaka didominasi ku vokal *a*, sarta konsonan *ng*. Ku sabab kitu, ieu rumpaka kaasup kana karakter eufoni nyaéta merenah pikeun dihaleuangkeun, sabab vokal *a* leuwih muka batan vokal séjénna. Suasana anu kapaluruh lolobana nyaéta suasan sedih. Salian ti éta, gaya basa anu kapaluruh aya gaya basa anu patali jeung kasang tukang pangarang, nyaéta basa anu romantis jeung téma percintaan.
- c. Ajén éstétika dina ieu panakungtikan ngawengku ajén kabasaan jeung ajén éstetika eusi. Ajén éstétika kabasaan anu ngawengku purwakanti jeung gaya basa. Tina wanda salapan wanda purwakanti nurutkeun Salmun, kapaluruh wanda purwakanti, kalaya purwakanti. Ku kituna, purwakanti anu panglobana nyaéta purwakanti maduswara nyaéta purwakanti anu miboga sora anu sarua unggal tungtung kecapna. Satuluyna aya gaya basa, nurutkeun Sudaryat gaya basa aya 12 wanda gaya basa. Ku kituna gaya basa anu panglobana kapaluruh nyaéta gaya basa mijalma. Dina analisis ajén éstétika eusi, téma anu kapanggih nyaéta ngeunaan asmara atawa percintaan. Nada anu remen kapanggih nyaéta nyariatakeun hiji perkara jeung nyindir. Rasa nu remen kapanggih nyaéta rasa sedih. Salian ti éta amanat anu kapanggih dina rumapaka kawih album *Kolot Kalapa* di antarana ngagugu napsu anu antukna bakal jadi baruang pikeun diri sorangan anu ahirna jadi kaduhung, kudu tenang nyanghareupan masalah atawa pasualan sabab sagala pasualan aya bongholanganana, kudu bisa narimakeun kana takdir Pangéran. Tuluy deui ulah jalir kana jangji au geus disapukan babarengan, kudu boga sipat jujur ulah ngabohong ka batur.
- d. Ditilik tina luyu henteuna pikeun dilarapkeun jadi bahan pangajaran, rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X. Sabab

ieu rumpaka saluyu jeung karakteristik bahan ajar. Tuluy deui basa jeung carita dina ieu rumpaka miboga unsur étika jeung budaya anu bisa nambahan pangaweruh siswa dina hal-hal anu positif.

1.2 Implikasi

Bébédaan anantara kawih klasik jeung modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah bisa dilarapkeun di sakola dina pangajaran kawih di kelas X, kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Siswa dibéré téks rumpaka kawih *Kolot Kalapa*
- b. Siswa dibéré téks rumpaka kawih séjén salian tina album *Kolot Kalapa*
- c. Siswa ngabédakeun wangun rumpaka kawih kahiji jeung kawih kadua;
- d. Siswa nganalisis struktur rumpaka kawih *Kolot Kalapa*;
- e. Siswa nganalisis kabasaan anu aya dina rumpaka kawih *Kolot Kalapa*.

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun, bébédaan antara kawih klasik jeung modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah, dipiharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanana, sakumaha ieu di handap.

- a. Maham kana bébédaan antara kawih klasik jeung modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah;
- b. Parigel dina maluruh bébédaan antara kawih klasik jeung kawih modéren, struktur rumpaka, jeung ajén éstétika dina rumpaka kawih album *Kolot Kalapa* karya Ubun Kubarsah.

1.3 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan tangtu masih kénéh loba kahéngkéran. Ku kituna pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan, ieu di handap aya sababaraha saran anu kudu diperhatikeun.

- a. Pikeun panalungtik saterusna, ieu panalungtikan ukur museur kana struktural jeung ajén éstétika anu satuluyna dipatalikeun kana bahan pangajaran wungku. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan anu ngaguar ngeunaan ajén budaya, jeung ajén atikan, jsb.

- b. Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung ajén éstétika dina pangajaran sastra.
- 1.3.1 Pikeun masarakat, dipiharep bisa miakresep kana kawih-kawih Sunda minangka seni anu kiwari tuluy tumuluy mekar nurutkeun kamekaran jaman.